

Enstriksyon pou Kolonoskopi

Preparasyon Miralax ak Dulcolax

SA POU W ACHTE

- 4 konprime Dulcolax (oswa medsin jenerik bisacodyl la)
- 1 gwo boutèy Miralax (8.3 ons oswa 238 gram)
- 64 ons Gatorade (ki pa ni wouj ni mòv)

7 JOU ANVAN TÈS LA

- **PA PRAN:** Medikaman anti-anflamasyon san estewoyid, tankou Ibipwofèn, Motrin, Advil, Napwoksèn, Aleve, Naprosyn, Meloxicam, ak anpil lòt toujou
- Ou te mèt pran Tylenol (ki se asetaminofèn) pou doulè
- Gen pwoblèm medikal ki egzije pou w kontinye pran Aspirin. Verifye ak pwofesyonèl medikal ou a. Pa sispann pran Aspirin toutotan ou pa pale ak pwofesyonèl medikal ou a.



3 JOU ANVAN TÈS LA

Sispann pran manje ki gen anpil fib tankou mayi, pwa, grenn, nwa, pen konplè, oswa po fwi (pwa, pòm, elatriye)



2 JOU ANVAN TÈS LA

- Pran yon soupe leje anvan 7 PM

1 JOU ANVAN TÈS LA

- Kòmanse yon rejim likid klè – yon likid klè vle di li transparan

Likid Klè	Likid ki Pa Klè
Dlo, Gatorade, Powerade, oswa Pedialyte	Pa pran bagay ni wouj ni mòv
Kafe oswa te nwa (pa mete ni lèt, ni krèm)	Pa pran alkòl
Bouyon klè	Pa pran ni lèt, ni krèm, ni lòt pwodui letye
Jenjerèl oswa Sprite	Pa mete ni vèmèsèl, ni diri, ni legim nan soup la
Ji pòm	Pa pran ji ki gen chè fwi a
Jell-o, krèm dlo	Pa pran likid ki pa transparan

- Pa pran manje solid pandan tout jounen an
- Nan maten: pran 2 konprime dulcolax
- Prepare medsin nan: mele 64 ons Gatorade ak 8.3 ons Miralax, epi mete l nan frijidè
- **Kòmanse a 4 PM, bwè yon vè (8 ons) medsin chak 30 minit jiskaske li fini.** Pa bliye rete toupre yon twalèt lè w kòmanse pran preparasyon an
- **A 9 PM**, pran 2 pilil pou gaz (simethicone) avèk 1 vè (8 ons) likid klè
- **A 10 PM**, pran 2 lòt pilil pou gaz (simethicone) avèk 1 vè (8 ons) likid klè
- Anvan w al kouche: pran 2 konprime dulcolax

JOU KOLONOSKOPI AN

- Nan maten tè s la, ou kapab pran lòt medikaman w yo nan menm lè w abitye pran yo a avèk **yon sèl gòje dlo**. Sa gen ladan pilil pou tansyon, medikaman kont kriz, medikaman pou kè, medikaman pou tiwoyid, elatriye
- **Pa pran** pilil pou dyabèt. Si w gen dyabèt, tanpri suiv dokimantasyon preparasyon pou kolonoskopi pou moun ki gen dyabèt la
- **Pa bwè anyen pandan 3 èdtan anvan tè s la**